# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–12 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

प्रदेस क राजधानी लखनऊ के लेके कइ गो जिलन में आजु पूर्व राज्यपाल स्वर्गीय लालजी टंडन क जयंती मनावल गइल। ऐह मौका पर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ में स्वर्गीय टंडन के मूरती पर फूल माला चढ़ा कर ओन्हे सरधांजलि दिहले। मुख्यमंत्री अपने संबोधन में स्वर्गीय टंडन के व्यक्तित्व अउर कृतित्वो पर रोसनी डरलें।

***भारत माता के एक ऐसे सपूत जिन्होंने लखनऊ, प्रदेश और देश की राजनीति में लगभग सात दशक तक अपनी एक मजबूत पहचान बना करके रखी। बहनों और भाईयों कठिन होता है सार्वजनिक जीवन में, सम और विषम परिस्थितियों का सामना किये एक पार्टी, एक विचारधारा और जीवनभर राष्ट्रवाद के मूल्यों का अनुसरण करते हुए लगातार कार्य करने की निष्ठा अगर आप देखेंगे स्वर्गीय लालजी टंडन जी के व्यक्तित्व में उनके कृतित्व में सब दिखाई देगा।***

कार्यक्रम में प्रदेस क उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य अउर ब्रजेश पाठको मौजूद रहले।

**********

प्रदेस सरकार में उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य आजु कुशीनगर जिला के दौरा पर पहुंचले। उहां के जिला के कइ गो कार्यक्रमन मे सामिल भइले के सथहीं निर्माणाधीन विकास परियोजनन क हाल जनलीं। श्री मौर्य पड़रौना में जूनियर हाई स्कूल में सम्राट अशोक के जयंती समारोहो के संबोधित कइले। कुशीनगर भ्रमण के दौरान पत्रकारन से बतियावत उप मुख्यमंत्री वक्फ बिल संसोधन विधेयक के अधिनियम बनले के बादे के दूरगामी रेजल्टों के बारे में चरचा कइलें।

**वक्फ बिल संशोधन जो लोकसभा राज्यसभा से पास होकर के अब कानून का रूप ले चुका है। उसका मैं स्वागत करता हूं और माननीय प्रधानमंत्री श्री नरेंद्र मोदी जी के नेतृत्व वाली भारतीय जनता पार्टी गठबंधन की सरकार, सभी दोनों सदनों के उन सदस्यों को, जिन लोगों ने इस संसोधन को पास किया उनका अभिनंदन करता हूं। और यह एक ऐतिहासिक बिल है। इसके दूरगामी परिणाम होंगे। गरीब मुसलमानों को बहुत फायदा होगा।**

**********

प्रदेस क उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक आजु अजोध्या जिला में भारतीय जनता पार्टी के गांव चलो अभियान के समापन कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। उहां के पार्टी पदाधिकरियन अउर कार्यकर्ता लोगिन के साथे कुछु गांवन क भ्रमणो कइलें। ऐह मौका पर श्री पाठक कहलें कि अभियान के जरिया से पार्टी सर्व समाज के जोड़त मोदी–योगी के योजनन के पहुंचवले क काम कइ रहल हवे।

**********

नगर विकास आ ऊर्जा विभाग के सिकाइतिन के निपटारा बदे मऊ जिला के बड़ागांव में आयोजित दुइ दिवसीय संभव जन सुनवाइ कार्यक्रम में नगर विकास आ ऊर्जा मंत्री ए के शर्मा हिस्सा लिहले। श्री शर्मा बतउलें कि ऐह कार्यक्रम में लोगिन के बिजुली अउर नगर विकास से जुड़ल सिकाइतिन क निपटारा कइल जाइ। सथहीं पात्र मनइयन के सरकार के कइ गो विभागन की ओरि से चलावल जा रहल गरीब कल्याण योजनन क भी फायदो दियावल गइल।

**********

इंडियन प्रीमियर लीग आईपीएल दुइ हजार पचीस के तहत आजु दुपहरिया बादे से लखनऊ सुपर जायंट्स टीमि अउर गुजरात टाइटंस के बिच्चे मैच चलत हौ। लखनऊ के अटल बिहारी वाजपेयी इकाना स्टेडियम में लखनऊ सुपर जायंट्स क टीमि टॉस जीत के पहिले क्षेत्र रक्षण क फैसिला लिहलस। संझा करीब साढ़े पांच बजे ले आखिरी समाचार मिलले तक ले गुजरात टाइटंस क टीमि 20 ओवर में 180 रन बना लिहले रहल। एकरे जवाब में लखनऊ सुपर जायंट्स क टीमि एक दशमलव एक ओवर में सात रन बना सकल रहे।

**********

आजु देस भर में हनुमान जयंती धारमिक उछाह के साथे मनावल जा रहल हौ। ऐह मौका पर उत्तर प्रदेस के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया के जरिया से सुभकामना दिहले हवें। उहां के कहलीं कि प्रभू श्रीराम क परम भक्त, संकट मोटन श्री हनुमान जी क किरिपा सज्जों पर बनल रहे। प्रदेस के कई गो जिलन में हनुमान जयंती पर कई गो आयोजन कइल जा रहल हवे। राम नगरी अजोध्या के इतिहासिक अउर पौराणिक काले राममंदिर में आजु हनुमान जयंती क अभिसेक कइ के पूजा अरचना कइल गइल सथही नारदीय संकीर्तन अउर भंडारों क आयोजन कइल गइल। हनुमानगढ़ियों में आजु भिन्हीये से बड़हन संख्या में सरधालू पूजा अरचना कइ रहल हवे। पूरबी उत्तर प्रदेस क गाजीपुर, बनारस अउर जौनपुर के लेके प्रदेस के कई गो जिलन में आजु धूमधाम से हनुमान जयंती मनावल गइल अउर भंडारों के आयोजन कइल गइल।

**********

प्रदेस के पूरबी अउर पश्चिमी इलाकन में आजु अउर बिहने कुछु जगहिन पर गरज चमक के साथे बरखा अउर बौछार परले क आगम हवे। मौसम विज्ञान विभाग पूर्वानुमान जतवले हवे कि पूरबी इलाकन में कहीं–कहीं चउदह अपरैलों के बरखा हो सकेला अउर गरज चमक के साथे बौछारों पड़ि सकेला। सथही विभाग आजु अउर बिहने वज्रपात के साथे तेज झोंकादार बयार चलले क धिरवनिया दिहले हवे। ऐह बिच्चे, पश्चिमी उत्तर प्रदेस के कइ गो जिलन में काल्हि राति से मद्धिम से लेके तेज बरखा अउर बूंदा बांदी भइल, ओहीं पूर्वी उत्तर प्रदेस के कुछु जिलन में राति में बूंदा बादी अउर बरखा भइल, जबकि दिन में मौसम साफ रहल।

**********